

## KONTE SUFFOLK



### BIWO EGZEKITIF KONTE A

Steven Bellone  
EGZEKITIF KONTE SUFFOLK

# Èd pou Moun Aje ki Viktim Vyolans Familyal ak Eskwokri Finansye nan Konte Suffolk

## Egzekitif Konte Suffolk Steven Bellone

**Vanessa Baird-Streeter**, Asistan Egzekitif Adjwen Konte ak Prezidan Gwoup Travay pou Prevansyon Vyonans Familyal

**Grace Ioannidis**, Direktè Biwo Sèvis pou Fanm nan Konte Suffolk ak Prezidan Gwoup Travay pou Prevansyon Vyonans Familyal

## Sou-komite Sistèm Jiridik Gwoup Travay Konte Suffolk pou Prevansyon Vyonans Familyal Prezidan yo:

**Laura A. Ahearn, Esq., L.M.S.W.**, Direktris Egzekitif, Sant pou Victim Zak  
**Dolores Kordon, M.A.**, Direktris Egzekitif, Brighter Tomorrows

## Revizyon 2019 Pa:

Laura A. Ahearn	Direktris Egzekitif	Sant pou Victim Zak
Michael Gunther	Direktè Defans Dwa	Sant Victim Zak
Keri Herzog	Chèf Biwo Adjwen	Biwo Pwokirè Distri SC

## Komite Kontribitè Orijinal Ki te Ede Kreye Gid sa a:

Laura A. Ahearn	Direktris Egzekitif	Sant pou Victim Zak
Christina Ceron	Avoka Pèsonèl	Sepa Mujer
Pamela Greinke	Direktris Defans	The Retreat
Michael Gunther	Direktè Pwogram	Sant pou Victim Zak
Mike Heiser	Chèf Biwo Adjwen	Biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk
Keri Herzog	Chèf Biwo Adjwen	Biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk
Laurie Hulbert	Direktris Egzekitif	VIBS Family Violence and Rape Crisis Center
Vivian Keys	Sekretè	Biwo Egzekitif Konte Suffolk
Dolores Kordon	Direktris Egzekitif	Brighter Tomorrows
Frank Krotschinsky	Direktè	Biwo pou Moun ki gen Andikap
Wendy Linsalata	Direktris Asosye	LI Against Domestic Violence
Kelly A. Lynch	Sèjan/Ofisyè Kòmandan	Inite DV Depatman Polis Konte Suffolk
Holly Rhodes-Teague	Direktè	Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje

# KONTE SUFFOLK



## BIWO EGZEKITIF KONTE A

Steven Bellone  
EGZEKITIF KONTE SUFFOLK

Chè Rezidan Konte Suffolk,

Nan Suffolk County, nou pran angajman nètakole pou sekirite tout rezidan nou yo. Espesyalman, nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire rezidan grandèt nou yo pa an danje, yo santi yo an sekirite epi yo jwenn aksè nan resous ki ka ede yo nan lavi toulejou yo.

Dapre Konsèy Nasyonal sou Vyeyès, *apeprè 1 Ameriken sou 10 ki gen laj 60 lane oswa plis te sibi kèk fòm abi sou granmoun aje. Sèten estimasyon ta ka rive jouk nan 5 milyon granmoun aje yo abize chak ane.* Dokiman sa a pral bay konsèy, enfòmasyon ak resous ki nesesè anpil pou ede pwoteje moun aje nou yo epi ogmante sansibilizasyon sou pwoblèm abi sou granmoun aje.

Tanpri pwofite okazyon pou li gid sa a epi pataje enfòmasyon enpòtan avèk fanmi ou ak zanmi ou. Lè nou gen enfòmasyon egzat aladispozisyon nou, sa pral pèmèt nou tout sèvi pi byen kòm defansè pou moun aje nou yo.

Mwen remèsyé espesyalman Gwoup Travay Konte Suffolk pou Prevansyon Vyołans Familyal la ak Sou-komite Sistèm Jiridik la pou tan yo pran pou kreye dokiman ki enpòtan anpil sa a ki pral sèvi kòm yon zouti edikatif pou tout moun.

Ak tout kè mwen,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Steven Bellone".

Steven Bellone, Egzekitif Konte

# **Sa Ki nan Tiliv la**

Kisa Vyolans Familyal ak Abi sou Granmoun Aje ye? .....	5
Siy avètisman ak efè Abi sou Granmoun Aje.....	5
Pwoteksyon ak Sipò pou Moun aje .....	6-9
Sipò Jiridik ak lòt Sèvis Sipò.....	6-7
Pwogram Vil la.....	8
Sèvis Sipò pou Victim Vyolans Familyal .....	9
Eskwokri Finansye ak Fason pou Pwoteje Tèt ou.....	10-13
Eskwokri sou Granparan .....	10
Eskwokri IRS .....	10-11
Eskwokri Sèvis piblik.....	11
Eskwokri Lotri .....	11
Eskwokri Amelyorasyon nan Kay .....	11-12
Vòl Idantite .....	12
Eskwokri sou Entènèt ak Fason pou Pwoteje Konpitè Ou....	12-13
Fason pou Jwenn Lòd pou Pwoteksyon nan Konte Suffolk.....	14-19
Ajans Sipò pou Vyolans Familyal nan Konte Suffolk .....	16

## Kisa Vyolans Familyal ak Abi sou Granmoun Aje ye?

Yo konsidere kòm ensidan ki gen Vyolans Familyal zak ki konsène manm fanmi antanke delenkan ak viktим. Vyolans nan kay (patnè entim) ak vyolans familyal (patnè ki pa entim), ansanm ak abi fizik, seksyèl, ak finansye, negligians ak move tretman timoun, ak abi sou granmoun aje fèt toupatou nan kominote yo kèlkeswa laj, kondisyon ekonomik, ras, reliyon, preferans seksyèl, nasyonalite oswa nivo fòmasyon.

Apeprè 1 Ameriken sou 10 ki gen laj 60 lane oswa plis te sibi kèk fòm abi sou gramoun aje. Sèten estimasyon ta ka rive jouk nan 5 milyon gramoun aje yo abize chak ane. Yon etid estime se sèlman 1 ensidan abi sou 14 yo rapòte bay otorite yo.

Abi sou gramoun aje gen ladan abi fizik, abi emosyonèl, abi seksyèl, abi finansye, eksplwatasyon, negligians, ak abandon. Otè yo gen ladan pitit, lòt manm fanmi, ak mari/madanm—ansanm ak anplwaye nan mezon retrèt yo, èd lavi otonòm, ak lòt etablisman. Abizè yo se ni fanm ni gason. Nan prèske 60% ensidan abi ak negligians sou gramoun aje, otè zak la se yon manm nan fanmi an. De tyè nan otè krim yo se pitit adilt oswa mari/madanm. Izolasyon sosyal ak pwoblèm mantal (tankou demans oswa Maladi Alzheimer) reprezante de (2) faktè risk. Etid ki te fèt resaman montre prèske mwatye nan moun ki gen demans te viktим abi oswa negligians. Vyolasyon ant moun (entèpèsonèl) rive tou nan pouvantaj ki pi wo nan fason demezire nan pami gramoun ki gen andikap yo.

## Siy avètisman ak efè Abi sou Granmoun Aje

- **Abi fizik, negligians, oswa move tretman:** Vyann mètri, mak presyon, zo kase, grafouyen, boule.
- **Abi emosyonèl:** Abandone aktivite nòmal san esplikasyon, yon chanjman toudenkou nan vijilans, oswa depresyon ki pa abityèl; relasyon ki gen tansyon; diskisyon souvan ant moun k ap bay swen an ak granmoun aje a.
- **Abi finansye:** Chanjman toudenkou nan sitiyasyon finansye yo.
- **Neglijans:** Eska, bezwen medikal ki pa siveye, move ijyèn, pèt pwa etranj.

Granmoun aje ki te viktим abi gen 300% plis risk pou yo mouri an konparezon ak sa yo pa maltrete yo. Kwak gen anpil chans yo manke rapòte yo, abi ak fwòd finansye sou granmoun aje koute Ameriken ki pi granmoun yo \$36.5 milya dola chak ane. Poutan, yo rapòte eksplwatasyon finansye yo poukонт yo nan pouvantaj ki pi wo pase abi oswa negligians emosyonèl, fizik, ak seksyèl.

## Sèvis Sipò Jiridik ak lòt sèvis pou Moun aje yo

## Sèvis Pwotection Adilt Konte Suffolk (Adult Protective Services, APS):

(631) 854-3195, (631) 854-3196, ak (631) 854-3197

Ofri sèvis pou moun ki gen plis pase 18 lane ki gen pwoblèm fizik oswa mantal epi ki se moun ki nan yon sitiyasyon kote yo viktим de pwòp aksyon pa yo oswa aksyon lòt moun. Sa konsène souvan granmoun aje ak adilt frajil ki andikape fizikman oswa mantalman, ki malad grav oswa ki abize alkòl/sibstans.

Kliyan potansyèl yo pa gen pèsonn ki kapab oswa ki vle ede reponn a bezwen esansyèl yo tankou manje, rad, abri, ak swen medikal. Nenpòt moun oswa ajans ki konsène ta dwe sèvi avèk twa nimewo yo ki endike anwo a pou fè yon referans pou sèvis. Tout apèl yo konfidansyèl epi yo ka fèt nan fason anonim.

## Biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk

Inite pou Abi sou Granmoun Aje: (631) 853-5602

Biwo Pwokirè Distri a angaje 1 pou pouswiv atoutfòs zak kont viktим ki granmoun aje, kit zak sa yo konsène abi fizik oswa neglijans, oswa eksplwatasyon finansye. Souvan otè zak sa yo se moun ki gen yon relasyon familyal oswa relasyon pèsònèl pwòch avèk viktим lan. Granmoun aje yo frajil tou pou yo viktим nan men pwofesyonèl ki ba yo sèvis, swa nan ba yo swen toulejou oswa nan jere zafè finansye sou non yo. Inite pou Abi sou Granmoun Aje nan Biwo Pwokirè Distri a gen yon estaf pwokirè distri adjwen, anketè detektiv, ak kontab jidisyè ki espesyalize nan ankèt ak pouswit jidisyè konsènan abi sou granmoun aje ak eksplwatasyon finansye. Inite pou Abi sou Granmoun aje (Elder Abuse Unit, EAU) a travay an kolaborasyon avèk Depatman Lapolis Konte Suffolk, Sèvis pou Pwotection Adilt, ak lòt ajans sèvis sosyal pou asire yo mennen ankèt apwofondi sou zak sa yo epi pouswiv yo lajistis kòrèkteman.

## Pwogram Lwa pou Sitwayen Moun aje – Touro Law Center

Avoka lisansye founi sèvis jiridik, gratis, pou rezidan Konte Suffolk sèlman, ki gen laj 60 lane oswa plis. Pa gen asistans pou akizasyon kriminèl, divòs, oswa zafè byen imobilye. Se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini ak Biwo Eta New York pou Granmoun Aje ki founi Finansman an pa lentèmedyè Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele nan (631) 761 - 7470

## Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje

Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje a se Ajans pou Vyeyès ki deziyen pou Zòn lan dapre Lwa pou Granmoun Aje Ameriken. Pandan plis pase 40 lane, Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje te administre pwogram federal, Eta a, ak konte pou moun ki gen 60 lane oswa plis.

Objektif presi Biwo a se pou devlope yon sistèm sèvis konplè ki fêt pou ede moun ki gen 60 lane oswa plis pou yo konsève tout kantite endependans ak diyite ki posib, pou kraze obstak pou endependans ekonomik ak pèsonèl, ak pou ofri yon seri swen konplè pou granmoun aje ki frajil yo. Sa ki pi enpòtan toujou, Biwo Konte Suffolk pou Granmoun Aje aji kòm yon defansè sou non tout sitwayen moun aje nan Konte Suffolk.

Kontakte biwo a pou jwenn enfòmasyon sou anpil pwogram ak sèvis yo ofri.

Hauppauge: (631) 853-8200

Riverhead: (631) 852-1420

## Sèvis Family Service League (FLS) pou Moun Aje (631) 427-3700

Family Service League patwone yon kantite pwogram enpòtan ki defann enterè moun aje k ap pran laj, epi li founi èd ki enpòtan anpil pou manm fanmi ki pi jenn ki pran responsabilite pou okipe fanmi yo ki granmoun aje. Anjeneral fanmi yo gen difikilte pou jwenn ase tan ak finansman pou pran swen paran yo ki moun aje. Souvan yo pa okouran resous sosyal ak ekonomik ki disponib pou sitwayen granmoun aje yo, epi anpil moun aje ale nan sant familyal pou sante mantal, abi sibstans, ak sèvis jesyon ka. Pwogram FSL pou moun aje yo ofri yon kantite pwogram valab espesyalman pou popilasyon k ap vyeyi nou an— epi yo founi amelyorasyon sante ak endependans, epi amelyore kalite lavi yo anjeneral.

## Sèvis Sipò pou Viktim

Ajans sèvis sipò pou viktим Konte Suffolk ki endike annapre la yo founi sèvis bileng ki gen ladann, men se pa sa sèlman, akonpayman lapolis ak nan tribunal, defans dwa nan tribunal penal ak tribunal fanmi, ki gen ladan jwenn yon lòd pou pwoteksyon, konsèy akoutèm ak alontèm, ak èd pou jwenn ranbousman pou depans ki gen rapò ak yon zak.

- Brighter Tomorrows (631) 395-3116/(631) 395-1800
- Sant pou Viktim Zak (Centro De Victimas De Crime) (631) 689-2672/(631) 332-9234
- L.I. Against Domestic Violence (631) 666-7181/(631) 666-8833
- The Retreat (631) 329-4398/(631) 329-2200
- Sepa Mujer (631) 980-2555 (Li pa 24 Èdtan)
- VIBS Family Violence and Rape Crisis Center (631) 360-3730/(631) 360-3606

## Pwogram Vil la pou Moun aje

<b>Depatman Sèvis Sosyal Vil Babylon</b>	(631) 464-4340 x 200
North Amityville Senior Citizen Center	(631) 789-3309
Tanner Park Senior Citizen Center	(631) 842-7773
Wyandanch Senior Citizen Nutrition Center	(631) 464-4340
Spangle Drive Senior Citizen Center	(631) 422-7614
<b>Vil Brookhaven</b>	
Senior Citizens Division	(631) 451-9191
<b>Vil East Hampton</b>	
Depatman Sèvis Sosyal Vil East Hampton	(631) 329-6939
<b>Vil Huntington</b>	
Town of Huntington Senior Division	(631) 351-3253
<b>Town of Islip Senior Citizen Services</b>	(631) 224-5340
Brentwood Center	(631) 436-6072
Central Islip Center	(631) 595-3508
Joyce Fitzpatrick Center	(631) 224-5396
Oakdale Center	(631) 472-7023
Ronkonkoma Senior Center	(631) 467-3324
West Islip Center	(631) 893-8932
<b>Vil Riverhead</b>	
Senior Citizen Programs	(631) 722-4444 ext. 290
<b>Vil Shelter Island</b>	
Shelter Island Office for Senior Services	(631) 749-1059
<b>Vil Smithtown</b>	
Senior Citizens Department	(631) 360-7616
<b>Town of Southampton Senior Services Division</b>	(631) 728-1235
Flanders Senior Center	(631) 702-2375
Bridgehampton Senior Center	(631) 537-3027
Hampton Bays Senior Center	(631) 728-1235
<b>Town of Southold Senior Services</b>	(631) 298-4460

## Sèvis Sipò pou Viktim Vvolans Familyal

**Ajans Konte Suffolk yo ki founi sèvis sipò pou vvolans familyal, ansanm ak konsèy, ak nimewo pou kontakte Liy Asistans yo se:**

• Brighter Tomorrows	Biwo/Liy Asistans
• Crime Victims Center (Sant Viktim Zak)	(631) 395-3116/(631) 395-1800
• L.I. Against Domestic Violence	(631) 689-2672/(631) 332-9234
• The Retreat	(631) 666-7181/(631) 666-8833
• Sepa Mujer	(631) 329-4398/(631) 329-2200
• VIBS Family Violence and Rape Crisis Center	(631) 980-2555 (Li pa 24 Èdtan)
• Suffolk County Police Domestic Violence and Elder Abuse	(631) 360-3730/(631) 360-3606
• Nan Ka Dijans KONPOZE 911	(631) 854-7520/ 911 apre lè biwo

### Si viktim Vvolans Familyal la pa reprezante:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik kontakte:

- Nassau Suffolk Law Services: (631) 232-2400
- Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Piblik la (Law Library Resource Program, LLRP): (631) 853-6064
- Sant pou Viktim Krim lan founi asistans gratis pou aplikasyon pou VISA U pou viktim zak vyolan ki kalifye yo: (631) 689-2672

Si viktim vvolans familyal la ta renmen jwenn sèvis LGBTQ: (631) 665-2300

### Si Pasyan an te viktim Kadejak oswa Agresyon Seksyèl nan 96 èdtan ki sot pase yo:

Sant Egzaminatè Enfimye/Enfimyè pou Agresyon Seksyèl (Sexual Assault Nurse Examiner, SANE) founi sèvis enfimye/enfimyè otorize ki gen fòmasyon avanse nan tretman delika ak preparasyon klinik pandan egzamen medikolegal pou viktim agresyon seksyèl yo. Kontakte Family Violence and Rape Crisis Center nan (631) 360-3606 pou jwenn plis enfòmasyon sou Sant SANE yo ak sou Pwogram Konpayon pou Sèvis Dijans lan. Epitou, kontakte Crime Victims Center for Emergency Room SAFE Exam Rape Crisis Counselor Accompaniment pou prizonye Konte Suffolk (833) CVC-4ALL.

### Stony Brook University Medical Center

101 Nicholls Road  
Stony Brook, New York 11794

### Good Samaritan Hospital Medical Center

1000 Montauk Highway  
West Islip NY 11795

### Peconic Bay Medical Center

1300 Roanoke Avenue  
Riverhead, NY 11901

# Eskwokri Finansye ak Fason pou Pwoteje Tèt ou

Moun Aje yo ka jwenn tèt yo viktim zak menm lè yo pa atann yo a sa. Gen anpil sous enfòmasyon pou ede anpeche ou vin yon viktim. Men kèk nan fwòd ki pi kouran yo komèt sou moun aje yo:

- SI YON MOUN RELE OSWA VOYE IMÈL BA OU POU MANDE POU OU ACHTE YON KAT KADO POU FÈ YON PEMAN POU KÈLKESWA REZON – SE YON ESKWOKRI.**
- Eskwokri sou Granparan:** Sa se yon eskwokri ki kòmanse ak yon apèl yon moun fè pou mande èd epi li deklare li se yon pitit oswa lòt fanmi. Moun ki rele a gendwa idantifye oswa pa idantifye tèt li oswa li jis tann ou mande “Èske se....” Apre ou fin di non an, moun ki rele a pral kontinye pou di ou li nan pwoblèm epi li bezwen èd. Li ta ka di li nan vwayaj aletranje, oswa li nan yon lòt Eta epi li fè yon aksidan machin, oswa yo arete l. Pou li lage nan prizon oswa pou li peye pou dega yo, li bezwen granma oswa granpa ede l. Li ka soupriye ou tou pou ou pa di paran l sa. Li posib yon lòt moun ki deklare li se yon fonksyonè depatman lapolis oswa lòt ajans gendwa vin nan telefòn lan epi li fè ou konnen ki kantite lajan ki nesesè pou ede pitit pitit la oswa lòt fanmi an epi ou ka fè transfè lajan an oswa achte yon kado kat oswa chèk postal pou retire moun lan nan pwoblèm.

## Sa pou fè:

Pa pran nan sa! Men kèk etap pou ede ou:

- a. Idantifye moun ki rele a toudabò. Mande l yon bagay nou toude konnen tankou anivèsè nesans manman l oswa papa l. Pa kontante ou kwè ou konnen moun ki rele a dapre vwa li sèlman.
  - b. Pa janm fè transfè lajan san ou pa verifye idantite moun ki rele a.
  - c. Idantifye epi verifye ajans lapolis, lopital, oswa garaj moun ki rele a deklare li annafè ak li a.
  - d. Pa voye okenn peman san ou pa pale ak paran timoun lan pou konnen si li deyò vil la vrèman. Ou gendwa panse ou ap rann li yon sèvis men tou gendwa se ou ki vrè viktim lan.
  - e. Rapòte ensidan an bay Lapolis.
- Eskwokri IRS:** Yon moun ki rele ap kontakte ou oswa kite yon mesaj ki endike li se yon reprezantan Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) epi yo riske arete ou oswa fè ou peye amann akòz kèk bagay depaman ki gen nan taks ou.

## Sa pou fè:

- a. Ekri nimewo ki rele ou an si ou kapab. IRS anjeneral pa fè koutfil pou kontakte moun ki gen pwoblèm nan taks yo. Menm si moun ki rele a eseye mete presyon sou ou pou ou fè yon peman, IRS pa gen abitid rele moun.

- b. Kontakte yon nimewo lejitim IRS pou konnen si gen yon pwoblèm nan taks ou epi fè rapò pou nimewo ki te rele ou an. IRS gen nimewo telefòn apèl gratis disponib pou kliyan yo pou verifye eta taks yo. Ou ka rele nan 1-800-829-1040 pou konnen si gen yon pwoblèm.
- c. Pa voye okenn peman, ni pa bay okenn moun okenn enfòmasyon pèsònèl ni enfòmasyon kat kredi/kat debi, kèleswa moun yo deklare yo ye. IRS PA aksepte okenn peman ak kat kado.
- d. Rapòte ensidan an bay Lapolis.
4. **Eskwokri Sèvis publik:** Menm jan ak eskwokri IRS la, yon moun ki rele ki idantifye tèt li kòm depatman bòdwo oswa yon ajans kolèk dèt k ap travay pou sèvis publik lokal ou ap kontakte ou pou mande peman aryere, sinon y ap koupe sèvis ou.

**Sa pou fè:**

- a. Kontakte depatman ofisyèl bòdwo a nan sèvis publik la pou verifye pwoblèm nan. Annafè avèk biwo sa a sèlman pou verifye si yo resevwa nenpòt peman yo.
- b. Pa voye lajan ba okenn moun ki deklare li nan sèvis publik la oswa l ap travay pou li jiskaske ou verifye enfòmasyon yo.
- c. Rapòte ensidan an bay Lapolis.
5. **Eskwokri Lotri:** Sa se eskwokri klasik “ou se yon gayan”. Ou resevwa yon lèt, yon imèl, oswa yon koutfil ki endike ou déjà genyen nan yon bagay. Tout sa ou gen pou fè se peye yon “frè jesyon oswa transfè” epi y ap voye pri a pou ou. Sa parèt twò bèle pou li verite, li twò bèle petèt pou li vre.

**Sa pou fè:**

- a. Chèche yon lòt nimewo kontak nan nenpòt nimewo ki nan lèt la oswa moun ki rele a bay. Verifye si konpayi an/konkou a lejitim.
- b. Pa voye okenn lajan ni pa kominike okenn enfòmasyon pèsònèl sof si ou kapab verifye enfòmasyon sa yo.
6. **Eskwokri Amelyorasyon nan Kay/Enspeksyon Gratis:** Yon kontraktyèl oswa yon moun ki di li travay pou yon kontraktyèl ap vini nan pòt ou epi ofri pou gade kay ou. Li gendwa di li wè defo nan twati ou oswa nan beton ou epi l ap ba ou yon estimasyon oswa l ap ranje li.

**Sa pou fè:**

- a. Mande pou li tounen yon lòt lè. Sa ba ou tan pou verifye konpayi an.
- b. Pran plis pase yon sèl estimasyon. Mande zanmi ou, vwazen ou, oswa fanmi ou si yo tandé pale de konpayi an. Mande yo si yo gen yon moun yo ka rekòmande preferans.

- c. Jwenn referans.
- d. Pa kite yon moun ou pa konnen antre lakay ou. Si li vle annafè ak ou, l ap tounen.
- e. Pa janm peye okenn moun lajan kach davans pou travay ki poko fèt.
- f. Pa janm peye ak kach, peye ak chèk oswa ak kat kredi.

**7. Vòl Idantite.** Nenpòt nan eskwo oswa mètdam yo ki endike anwo a ka mande enfòmasyon pèsònèl ou. Si yo fè li, li posib pou mètdam lan ta itilize enfòmasyon ou bay yo pou jwenn aksè nan enfòmasyon epay ou, chèk, oswa kredi ou.

**Sa pou fè:**

- a. Pa janm kominike enfòmasyon pèsònèl. Enfòmasyon ki pi kouran yo mande kòm nenpòt kalite verifikasyon se nimewo Sekirite Sosyal ou. Pa janm bay li.
- b. Enfòmasyon labank oswa kredi ou se lòt enfòmasyon ki pi kouran yo mande. Pa kominike okenn enfòmasyon sof si ou asire a 100% ak kiyès ou annafè.
- c. Pwoteje konpitè ou avèk bon reglaj sekirite entènèt. Baryè sekirite (firewall) ak pwoteksyon kont lojisyèl malveyan (malware) ka parèt etranj pou ou, men yo endispansab pou sekirite operasyon sou entènèt.
- d. Pa louvri okenn mesaj imèl sof si ou sèten kot kiyès yo soti. Sèten mesaj imèl gen viris oswa pwogram ki pèmèt jwenn aksè nan rès enfòmasyon ki sou konpitè ou. Siprime yo epi eskane konpitè ou pou viris.
- e. Si ou pa fin konnen fason pou eskane konpitè ou oswa fason pou regle pwogram pou pwoteje konpitè ou, mande yon moun ou fè konfyans. Yon manm fanmi ou fè konfyans ka anmezi ede ou regle pwogram yo. Anplisdesa, bibliyotèk yo òganize klas souvan sou itilizasyon ak pwoteksyon konpitè.

**8. Eskwokri sou Entènèt ak Fason pou Pwoteje Konpitè Ou  
Eskwokri FBI ak Sekirite (FBI Scam and Safety):**  
<https://www.fbi.gov/scams-and-safety/on-the-internet>

Gen kèk etap kle anba a pou pwoteje konpitè ou kont anvayisman:

**Kite baryè sekirite (firewall) ou aktive**

Yon baryè sekirite ede pwoteje konpitè ou kont anvayisman ki ta ka eseye jwenn aksè pou fè konpitè tonbe an pàn, siprime enfòmasyon, oswa menm vòlè modpas oswa lòt enfòmasyon delika. Yo rekòmande lojisyèl baryè sekirite yo anpil pou konpitè endividyle. Sèten sistèm eksplwatasyon tou gen lojisyèl la oswa ou ka achte li pou konpitè endividyle. Pou plizyè konpitè ki an rezo, materyèl woutè yo anjeneral bay pwoteksyon baryè sekirite.

**Enstale oswa fè Mizajou Lojisyèl Antivirus Ou**

Lojisyèl Antivirus yo fèt pou anpeche pwogram lojisyèl malveyan entegre nan konpitè ou. Si yo detekte yon kòd malveyan, tankou viris oswa yon vè, li travay pou dezame li oswa pou

retire li. Virus yo ka enfekte konpitè san itilizatè konpitè yo pa konnen. Ou ka regle pifò tip lojisyèl antivirus yo pou fè mizajou otomatikman.

### **Enstale oswa fè Mizajou Teknoloji Kont-lojisyèl espyon (antispyware) ou**

Lojisyèl-espyon egzakteman jan li sanble a —se lojisyèl ki enstale anbachal nan konpitè ou pou kite lòt moun siveye aktivite ou sou konpitè a. Sèten lojisyèl-espyon kolekte enfomasyon sou ou san konsantman ou oswa yo pwodui anons kontekstyèl (pop-up) endezirab nan navigatè entènèt (bwòzè) ou. Sèten sistèm operasyon ofri pwoteksyon gratis kont lojisyèl-espyon, epi gen lojisyèl bon mache ki disponib fasilman pou telechaje sou entènèt oswa nan magazen enfòmatik nan zòn ou. Pran anpil prekosyon ak piblisite sou entènèt k ap ofri lojisyèl kont-lojisyèl espyon pou telechaje—nan sèten ka pwodui sa yo gendwa fo epi an reyalite yo ka gen espyon oswa lòt kòd malveyan. Se tankou achte nan makèt—fè acha nan kote ou fè konfyans.

### **Kenbe Sistèm Operasyon Ou Ajou**

Sistèm operasyon konpitè yo fè mizajou regilyèman pou rete annamoni avèk egzijans teknologik yo epi repare twou ki gen nan sekirite. Asire ou enstale mizajou yo pou ou asire konpitè ou gen dènye pwoteksyon yo.

### **Fè Atansyon ak Sa Ou Telechaje**

Si ou telechaje atachman ki nan imèl san pran prekosyon, sa kapab kontoune menm lojisyèl antivirus ki pi vijilan yo. Pa janm louvri yon atachman nan imèl yon moun ou pa konnen voye, epi pran anpil prekosyon ak atachman moun ou konnen transmèt ou. Yo ka gen nan yo kòd malveyan avanse envelopontèman.

### **Etenn Konpitè Ou**

Avèk koneksyon entènèt wot-vitès k ap grandi, anpil moun kite konpitè yo limen epi tou pare pou passe alaksyon. Enkonvenyan an sèke lè li “toujou limen”, sa rann konpitè a pi frajil. Anplis pwoteksyon baryè sekirite, ki prevwa pou lite kont atak endezirab, si ou etenn konpitè a sa koupe efektivman koneksyon yon atakè—keseswa yon lojisyèl-espyon oswa yon rezo wobo (botnet) ki anplwaye resous konpitè ou pou atenn lòt itilizatè san yo pa konnen.

9. **Abi sou Granmoun Aje:** Abi sou gramoun aje fèt lè yon moun k ap bay swen oswa yon lòt moun ou fè konfyans aji nan yon fason ki ka lakòz mal pou yon moun aje ki frajil. Egzanp yo kapab finansye, medikal, oswa sosyal.
  - a. Abi finansye ka rive lè yon moun ou fè konfyans pou ede ou ak finans ou pwofite de sa epi li mal itilize oswa li vòlè lajan ou.
  - b. Abi medikal ka rive lè moun k ap ba ou swen an pa asire ou pran medikaman ou oswa li refize ba ou yo pou kèlkeswa rezon. Sa ka gen vòl medikaman ladan tou.
  - c. Abi sosyal ka rive lè yon moun k ap bay swen anpeche ou kominike avèk manm fanmi oswa li limite kontak ou ak lòt rezo sosyal nan bi pou fè ou depann de li.

### **Sa pou fè:**

Ou dwe rapòte abi sou granmoun aje bay otorite yo. Sèvis lapolis oswa sèvis pou pwoteksyon adilt ka fè ankèt epi ede pwoteje ou kont abi sou granmoun aje.

# **Yon moun ki Víktim Vyolans Familyal ka jwenn yon lòd pou pwoteksyon nan konte Suffolk nan Tribinal Kriminèl ak Tribinal Fanmi**

Gen de (2) kalite lòd pou pwoteksyon, yon lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi ak yon lòd pou pwoteksyon Tribinal Penal:

## **1. Lòd pou pwoteksyon Tribinal Penal?**

- Yon lòd pou pwoteksyon tribal penal bay pwoteksyon pou moun ki swadizan víktim zak ak/oswa temwen zak lè lapolis depoze yon akizasyon penal kont yon akize.

## **2. Lòd pou pwoteksyon Tribinal Fanmi**

- Yon moun ki swadizan víktim pa bezwen yon rapò lapolis oswa yon akizasyon penal pou li jwenn yon lòd pou pwoteksyon nan Tribinal Fanmi. Sa se yon lòd sivil ki bay pwoteksyon pou moun ki swadizan víktim nan men yon moun ki komèt yon enfrakson familyal kont moun ki swadizan víktim lan EPI se yon moun víktim prezime a marye/te marye ak li, yon moun víktim prezime a gen rapò ak li nan san oswa nan maryaj, yon moun víktim prezime a gen ptit ak li an komen, oswa yon moun víktim prezime a gen/te gen yon relasyon entim ak li.

**Yon moun ki swadizan víktim yon enfrakson familyal ka ale nan Tribinal Fanmi nan Central Islip oswa nan Riverhead pou aplike pou yon lòd pou pwoteksyon. Enfrakson familyal yo endike nan paj 15 ak 16. Pa gen okenn frè pou depoze yon lòd pou pwoteksyon.**

- Nan Tribinal Fanmi, moun ki mande lòd pou pwoteksyon an rele “petisyonè” a. Yo rele moun yo mande lòd pou pwoteksyon kont li a, “defandè” a.

## **Ki enfòmasyon ki nesesè pou Tribinal Fanmi?**

- Non, adrès, enfòmasyon pou kontak ak dat nesans tout pati konsène yo.
- Yon deskripsyon sa ki te rive yo.
- Dat apeprè yo te komèt zak yo.

## **Ki lòt enfòmasyon anplis ki ka itil?**

- Rapò lapolis oswa rapò ensidan vyolans nan kay ak temwen yo, si genyen.
- Èske defandè a posede yon zam? Si se wi, ki kalite?

Li ta itil pou konnen oswa pou gen pou defandè a:

- |   |  |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"><li>• Foto</li><li>• Non Konplè ak Dat Nesans</li><li>• Adrès</li><li>• Nimewo Telefòn Kay</li><li>• Nimewo Telefòn Selilè ak Nimewo Travay</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>• Mak, Kalite, Ane, Plak, Koulè Machin</li><li>• Non ak Adrès Travay</li><li>• Ras, Gwoup etnik</li><li>• Wotè, Pwa, Koulè Cheve, Zye</li><li>• Tatou/Lòt Karakteristik Distenktif</li></ul> |
|---|--|

## Konbyen tan yon lòd pou pwoteksyon pèmanan dire?

- Nan Tribunal Fanmi, yon lòd pou pwoteksyon final ka dire yon lane jiska senk (5) lane, toudepan sa ki te pase nan ka pa ou an presizeman.

## Kisa “evite” vle di nan yon lòd pou pwoteksyon?

- “Evite” vle di defandè a pa dwe fè sèten zak oswa gen sèten konpòtman.

## Kisa “rete lwen” vle di nan yon lòd pou pwoteksyon?

- Yon lòd “rete lwen” ka bay defandè a lòd pou li rete lwen petisyonè a ak/oswa kay, lekòl ak/oswa anplasman travay petisyonè a. Li ka bay defandè a lòd pou li rete lwen yon timoun/plizyè timoun youn oswa toulède pati yo.

## Kilè lòd la vin anplas?

- Menm kote yo remèt defandè a lòd la ofisyèlman.

## Kilè yo remèt defandè a yon lòd pou pwoteksyon ofisyèlman?

- Yon ajan nan biwo Cherif la ap remèt lòd la ofisyèlman san pèdi tan, lajounen kou lannwit. Ajan an ap fè tantativ pou remèt lòd pou pwoteksyon an ofisyèlman lakay defandè a oswa nan lye travay li, oswa nan nenpòt adrès valab petisyonè a bay. Cherif la ap kontinye fè tantativ pou remèt lòd pou pwoteksyon an ofisyèlman, men si defandè a evite resevwa lòd la, lòd la pa kapab aplike.

## Si jij la bay yon lòd pou “rete lwen” epi defandè a ak petisyonè a abite menm kote, nan ki delè defandè a dwe pati?

- Menm kote yo remèt defandè a lòd la ofisyèlman. Defandè a ap gen otorizasyon pou rekipere zafè pèsonèl li, avèk èd Cherif la oswa Lapolis, epi yo ka akonpaye li nan kay la.

## E si pa gen yon dispozisyon pou “rete lwen”?

- Defandè a ka kontinye rete avèk petisyonè a. Si pati yo ap viv ansanm yo ka kontinye fè sa.

## E si defandè a dezobeyi lòd pou pwoteksyon an?

- Si defandè a vyole lòd pou pwoteksyon an, ou dwe rele 911 pou kontakte lapolis. Si lapolis deside te gen vyolasyon lòd pou pwoteksyon an, y ap fè yon arrestasyon. Si yon arrestasyon fèt pou yon vyolasyon lòd pou pwoteksyon Tribunal Fanmi, y ap mete akizasyon Dezobeyisans sou defandè a, ki se yon ti zak. Anplisdesa, jij tribal penal la ka aksepte bay viktim nan yon lòd pou pwoteksyon. Biwo Pwokirè Distri a ka bay kopí lòd pou pwoteksyon tribal penal la asepte bay.
- Si defandè a vyole yon lòd pou pwoteksyon Tribunal Fanmi, viktim nan ka depoze tou yon petisyon pou vyolasyon nan Tribunal Fanmi. Yo dwe remèt defandè a ofisyèlman petisyon pou vyolasyon an ak yon sitasyon pou konparèt, oswa tribal la ka bay yon manda pou arete defandè a. Tribunal Fanmi an ap òganize yon odyans pou detèmine si defandè a te dezobeyi lòd pou pwoteksyon an ak pou deside ki aksyon yo ta dwe pran kont defandè a. Yo ka mande pou Depatman Pwobasyon fè yon ankèt epi fè yon rekòmandasyon bay tribal la. Jij la ka bay lòd pou yon peryòd anprizònman pou jiska 6 mwa, oswa yon chanjman nan kondisyon yo ki nan lòd pou pwoteksyon an (pa egzanp yon pwolongasyon lòd la pou pi lontan pase premye peryòd la). Yo ka bay defandè a lòd pou li peye frè avoka petisyonè a pou vyolasyon an.

## Èske yon lòd pou pwoteksyon garanti sekirite yon moun?

Yon lòd pou pwoteksyon **pa kapab garanti sekirite** epi li enpòtan pou viktim vyolans nan kay la toujou kontakte lapolis si yo vyole lòd la ak pou li gen yon plan pou sekirite. Si defandè a vyole (pa obeyi) lòd la, men kèk bagay ki ka rive pou ede kenbe viktim yo plis an sekirite:

- Si yo jwenn defandè a te vyole lòd tribinal fanmi an, defandè a ka pran prizon
- Yo ka akize defandè a pou yon krim ki pi grav tankou mepri kriminèl, epi DA a ta ka pouswiv li lajistik.
- Yo ka retire zam nan men defandè a.
- Yo ka bay yon lòd ki pi restriktif ak/oswa ki dire pi lontan.

### Ajans Konte Suffolk ki bay sèvis sa yo ak nimewo Liy Dirèk pou kontakte yo se:

• Brighter Tomorrows	(631) 395-3116/(631) 395-1800
• Crime Victims Center at PFML (Sant pou Viktim Zak)	(631) 689-2672/(631) 332-9234
• L.I. Against Domestic Violence	(631) 666-7181/(631) 666-8833
• The Retreat	(631) 329-4398/(631) 329-2200
• Sepa Mujer	(631) 980-2555 (Li pa 24 Èdtan)
• VIBS Family Violence and Rape Crisis Center	(631) 360-3730/(631) 360-3606
• Suffolk County Police Domestic Violence and Elder Abuse	(631) 854-7520
• <b>Nan Ka Dijans RELE 911</b>	

### Si viktim vyolans nan kay la pa reprezante:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik li dwe kontakte:

Nassau Suffolk Law Services: (631) 232-2400

Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Biblik la  
(Law Library Resource Program, LLRP): (631) 853-6064

*Sant pou Viktim Zak* lan founi asistans gratis pou aplikasyon  
pou VISA U pou viktim zak vyolan ki kalifye yo: (631) 689-2672

### Si ou pa reprezante ou:

Pou jwenn fòm jiridik yo, enfòmasyon, rechèch jiridik ak resous pou referans jiridik kontakte:

Nassau Suffolk Law Services: (631) 232-2400

Pwogram Resous Bibliyotèk Dwa pou Biblik la  
(Law Library Resource Program, LLRP): (631) 853-6064

**Yo Dwe Ankouraje Viktim Vyolans nan Kay yo pou yo Gen yon Plan an plas pou Sekirite** ki ka gen ladan prepare yon valiz (yo ka pran ak pote byen fasil) epi sa ki annapre la yo:

- Bagay endispansab pou tèt pa yo ak pou timoun yo, ankontan rad ak tout medikaman
- Kopi nenpòt desizyon tribinal ki bay lagad, dwa vizit, pwoteksyon oswa sipò
- Batistè, dosye lekòl ak dosye vaksinasyon, dosye medikal, kanè adrès, kat sekirite sosyal, lisans chofè, lisans maryaj oswa papye divòs, enfòmasyon sou asirans
- Dokiman sèvis sosyal ak/oswa Medicaid si sa aplikab
- Paspò oswa grinkat
- Nimewo telefòn enpòtan pou kontakte nan yon ijans
- Kle kay ak machin, ak anrejistreman ak asirans machin
- Lajan, kanè bank, kanè chèk, kat kredi, dosye finansye

Si yo komèt nenpòt oswa yon kombinezon enfraksyon familyal annapre la yo, yon viktim vyolans nan kay gendwa kalifye pou yon lòd pou pwoteksyon (tanporè/pèmanan). Rezime ki annapre la yo konsènan enfraksyon familyal ap ede ou bay bonjan enfòmasyon pou yon pasyan ou kwè ki gendwa yon viktim vyolans nan kay.

#### **National Center on Protection Orders and Full Faith & Credit (NCPOFFC).**

Lwa federal egzije pou fè respekte tout lòd valab pou pwoteksyon yon tribal nan nenpòt jiridiksyon akòde pou pwoteje viktim yo tout kote gen vyolasyon yon lòd ki fèt, kèlkeswa kote ki te bay lòd la. Dispozisyon Full Faith and Credit (FFC) nan Lwa Federal sou Vyolans Kont Fanm (Violence Against Women Act, VAWA) egzije pou yo rekonèt ak fè respekte nan lòt jiridiksyon yo lòd pou pwoteksyon yon jiridiksyon bay. Aplikasyon efikas lòd pou pwoteksyon nan tout jiridiksyon yo enpòtan anpil pou sekirite viktim yo. An 2009, yo te chanje non an pou montre tout travay biwo a te antreprann anrapò ak lòd pou pwoteksyon, kidonk National Center on Protection Orders and Full Faith & Credit (NCPOFFC).

#### **ENFRAKSYON FAMILYAL YO se:**

**Konpòtman Dezòdone-** fè espre pou pwovoke enkonvenyan, kontraryete oswa alam pou publik la.

**Pèsekisyon Agrave 2<sup>yèm</sup> Degre - Seksyon 240.30 – 1.** Avèk entansyon pou pèsekite yon lòt moun, otè a swa (a) kominike, nan fason anonim oswa nan lòt fason, nan telefòn, sou konpitè oswa ak nenpòt lòt mwayen elektwonik, oswa pa lapòs, oswa ak transmisyon oswa livrezon nenpòt lòt kalite komunikasyon, yon menas pou fè domaj fizik, oswa yon domaj ilegal kont pwopriyete, kont yon moun, oswa yon manm fanmi moun lan oswa moun nan kay li, epi otè a konnen oswa ta dwe gen rezon konnen komunikasyon an ap lakòz pou moun nan gen rezon krenn domaj pou sekirite fizik moun nan oswa pwopriyete moun nan, oswa pou sekirite fizik oswa pwopriyete yon manm fanmi moun nan oswa moun nan kay li; oswa (b) lakòz yon komunikasyon kòmanse nan fason anonim oswa nan lòt fason, nan telefòn, sou konpitè oswa ak nenpòt lòt mwayen elektwonik, oswa pa lapòs, oswa ak transmisyon oswa livrezon nenpòt lòt kalite komunikasyon, yon menas pou fè domaj fizik, oswa yon domaj ilegal kont pwopriyete, kont yon moun, oswa yon manm fanmi moun lan oswa moun nan kay li, epi otè a konnen oswa ta dwe gen rezon konnen komunikasyon an ap lakòz pou moun nan gen rezon krenn domaj pou sekirite fizik moun nan oswa pwopriyete moun nan, oswa pou sekirite fizik oswa pwopriyete yon manm fanmi moun nan oswa moun nan kay li; oswa 2. Avèk entansyon pou pèsekite oswa menase yon lòt moun, fè li yon koutfil, kit wi ou non vin gen yon konvèsesyon ki fèt, san okenn objektif pou yon komunikasyon lejitim; oswa 3. Avèk entansyon pou pèsekite, anbete, menase oswa alame yon lòt moun, li frape, pouse, choute li, oswa nan nenpòt lòt fason fè yon lòt moun sibi kontak fizik, oswa fè tantativ oswa menase pou fè bagay sa yo akòz kwayans oswa pèsepsyon li gen konsènan ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, reliyion, pratik reliyje, laj, andikap oswa preferans seksyèl

moun nan, kit wi ou non kwayans lan oswa pèsepsyon an kòrèk; oswa 4. Avèk entansyon pou pèsekite, anbete, menase oswa alame yon lòt moun, fwape, pouse, choute li, oswa nan nenpòt lòt fason fè yon lòt moun sibi kontak fizik, epi konsa li lakòz domaj fizik pou moun nan oswa pou yon fanmi oswa yon moun nan kay moun nan; oswa 5. Li komèt zak pèsekisyon nan premye degré epi li te kondane déjà pou zak pèsekisyon nan premye degré nan dis lane anvan yo jan li defini seksyon 240.25 nan atik sa a.

**Pèsekisyon 1<sup>re</sup> Degre-** fè espre epi plede pèsekite yon lòt moun, nan pèsekite moun nan yon andwa piblik oswa ozalantou yon andwa piblik, oswa nan adopte yon konpòtman oswa nan plede komèt zak ki fè moun nan gen rezon pou krenn domaj fizik.

**Pèsekisyon 2<sup>yem</sup> Degre-** fè espre frape, bouskile, choute oswa fè yon lòt moun sibi kontak fizik oswa menase pou fè menm bagay la oswa swiv yon moun nan yon andwa piblik oswa ozalantou yon andwa piblik.

**Agresyon 2<sup>yem</sup> Degre-** fè espre lakòz domaj fizik grav pou yon lòt moun oswa yon tyès pèsòn oswa fè espre lakòz domaj fizik ak yon zam mòtèl oswa enstriman danjere.

**Agresyon 3<sup>yem</sup> Degre-** fè espre lakòz oswa lakòz avèk enpridans domaj fizik pou yon lòt moun.

**Dezòd Kriminèl-** fè dega avèk enpridans ak/oswa toutespre nan pwopriyete yon lòt moun ki depase montan de san senkant dola oswa anpeche yon moun kominike yon demann pou èd annijans.

**Abi Seksyèl 2<sup>yem</sup> Degre-** fè yon lòt moun gen kontak seksyèl alòske lòt moun nan pa anmezi pou bay konsantman pou yon rezon apa paske moun lan gen mwens pase 17 lane.

**Abi Seksyèl 3<sup>yem</sup> Degre-** fè yon lòt moun gen kontak seksyèl alòske lòt moun nan pa anmezi pou bay konsantman poutèt moun nan gen mwenske 17 lane epi lòt moun sa gen plis pase 14 lane, epi akize a te gen mwenske 5 lane anplis pase lòt moun nan.

**Menasan 2<sup>yem</sup> Degre-** ekspoze toutespre yon zam mòtèl oswa yon enstriman danjere pou fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn avèk rezon domaj fizik oswa lanmò. Plede swiv yon moun oswa adopte yon konpòtman oswa plede komèt zak pandan yon peryòd tan toutespre ki fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn rezonnableman li kapab sibi domaj fizik oswa lanmò.

**Menasan 3<sup>yem</sup> Degre-** fè espre fè yon lòt moun krenn oswa eseye fè yon lòt moun krenn yo pral tiye li, domaj fizik grav ki san lè rive oswa domaj fizik.

**Mete an danje akòz enpridans-** Angaje avèk enpridans nan konpòtman ki kreye yon gwo risk domaj fizik grav oswa yon gwo risk lanmò pou yon lòt moun.

**Pèsekisyon-** rive lè nenpòt moun plede lakòz ou pè pou sekirite ou. Li mande yon seri zak ki repete, san okenn rezon lejitim, epi yo pa oblige enfraçyon penal. Yo gen chans lakòz moun nan gen rezon pou pè pou travay li, biznis li oswa karyè li menase, lè kompòtman an konsènen parèt, telephone oswa kòmanse komunikasyon oswa kontak nan kote moun nan travay oswa kote li gen biznis, epi yo te déjà enfòme defandè a aklè pou li sispann konpòtman sa.

**Tantativ agresyon-** fè tantativ pou lakòz yon lòt moun blese fizikman.

**Move Konpòtman Seksyèl-** gen rapò seksyèl oswa kontak seksyèl oral avèk yon lòt moun san konsantman moun nan.

**Touche pa fòs-** fè espre epi san rezon lejitim, manyen pa fòs pati seksyèl oswa lòt pati entim yon lòt moun.

**Trangle 1<sup>mye</sup> Degre –** lè yon moun komèt zak blokaj kriminèl respirasyon oswa sikilasyon san epi lakòz domaj fizik grav.

**Trangle 2<sup>yèm</sup> Degre-** lè yon moun komèt zak blokaj kriminèl respirasyon oswa sikilasyon san epi li fè yon moun gaga, li fè li pèdi konnesans pandan nenpòt peryòd tan, oswa lakòz nenpòt lòt blesi oswa pwoblèm fizik.

**Blokaj Kriminèl Respirasyon oswa Sikilasyon San** - lè, avèk entansyon pou anpeche respirasyon oswa sikilasyon nòmal san yon lòt moun, li: fè presyon sou gòj oswa kou moun nan; oswa li bloke nen oswa bouch moun nan.

**Vòl Idantite 1<sup>ye</sup> Degre-** lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasiyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè epi bagay la vo plis pase de (2) mil dola, oswa li sèvi ak enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun pou lakòz pèt finansye pou moun nan ki plis pase de (2) mil dola.

**Vòl Idantite 2<sup>yèm</sup> Degre-** lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasiyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè epi bagay la vo plis pase senk san (500) dola, oswa li sèvi ak enfòmasyon pèsònèl yon lòt moun pou lakòz pèt finansye pou moun nan ki plis pase senk san dola.

**Vòl Idantite 3<sup>yèm</sup> Degre-** lè yon moun itilize enfòmasyon idantifikasiyon pèsònèl yon lòt moun, tankou nimewo kat kredi oswa nimewo sekirite sosyal, pou jwenn yon bagay ki gen valè.

**Gran Lasen 3<sup>yèm</sup> Degre-** lè yon moun vòlè yon pwopriyete ak lè pwopriyete a depase twa (3) mil dola oswa li jwenn pwopriyete a ak chantay oswa paske li fè viktim nan pè.

**Gran Lasen 4<sup>yèm</sup> Degre-** lè yon moun vòlè yon pwopriyete epi pwopriyete a depase mil dola oswa se yon dokiman ofisyèl, materyèl syantifik sekrè, yon kat kredi, yon zamafe, yon machin, yon atik ki gen enpòtans relijye, yon atik li jwenn ak chantay oswa se nenpòt atik li pran nan men yon lòt moun

**Kontrent 2<sup>yèm</sup> Degre-** Lè yon moun fòse yon lòt moun patisipe nan aktivite moun nan pa vle patisipe ladan paske li pè premye moun nan ap lakòz blesi fizik, dega nan pwopriyete, oswa fè li komèt yon zak kriminèl.

**Nòt**

**Paj 20 sou 20**